

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang**

Dina lumangsungna kahirupan, manusa moal bisa léso tina komunikasi, nyatana silih béré informasi ti hiji jalma ka jalma lianana. Dina enas-enasna jalma téh mangrupa mahluk sosial nyaéta jalma anu silih pikabutuh tur silih lengkepan enggoning nyumponan pangabutuh nu hiji jeung nu lianna.

Wangun kedalna informasi nyaéta ku cara nyarita jeung nulis, sedengkeun wangun katarimana informasi bisa ngaliwatan maca jeung ngaregepkeun. Contona waé jalma bisa méré talatah atawa pesen ka nu séjén, boh ku cara biantara boh ku cara méré surat. Sedengkeun pikeun nyangking informasi contona waé bisa ku cara maca buku jeung ngaregepkeun warta.

Tarékah sangkan hiji informasi bisa katarima sacara éféktif, di antarana bisa ngaliwatan maca. Maca mangrupa salasahiji hal anu kudu dilakonan sangkan bisa nyangking informasi. Ku cara maca, tangtu manusa bakal boga sawangan anu leuwih mekar tur jembar.

Bahan bacaeun téh téks fiksi jeung nonfiksi. Téks fiksi bisa mangrupa dongéng, carpon, novel, sajak, drama, jsb. Sedengkeun, téks nonfiksi diantarana artikel, essay, berita, karya ilmiah, jsb.

Maca dongéng mangrupa salah sahiji pagawéan maca fiksi. Dongéng téh sumebar dina wangun lisan tur minangka karya sastra anu buhun, tapi kiwari loba dongéng anu dibukukeun jeung dimuat dina media massa, ku kituna merelukeun jeung ngahudang nu maca.

Dongéng nyaéta hiji genre karya sastra lisan anu sok ngandung unsur pamohalan, biasana nyaritakeun kahirupan rahayat biasa, asal-muasal hiji hal, sasatoan, sajarah, jeung hal anu goib. Dongéng ogé mangrupa média pikeun nepikeun ésénsi kahirupan ka budak ku cara nyelapkeun unsur-unsur pamohalan sangkan budak kairut pikeun ngadéngékeun jeung maca dongéng. Ku kituna, dongéng téh mampuh ngalatih émosional budak.

Ku robahna jaman, dongéng-dongéng téh méh leungit alatan geus jarang didongéngkeun deui, ku kituna dongéng geus jadi produk folklore anu tangtu kudu diwanohkeun ka generasi anyar. Salah sahiji tarékah sangkan dongéng teu leungit, bisa diselapkeun dina pangajaran di sakola.

Dina Kurikulum 2013, Kompetensi dasar anu patali jeung dongéng aya dina Kompetensi dasar 1.1.1 anu unina:

*“Mensyukuri anugerah Tuhan akan keberadaan bahasa Sunda dan menggunakannya sebagai sarana komunikasi dalam mengolah, menalar dan menyajikan informasi lisan dan tulis melalui teks biantara, paguneman, biografi, otobiografi, aksara Sunda, dongéng, pupuh, dan sisindiran”*

Anu perenahna aya dina pangajaran pikeun siswa kelas X di tingkat SMA/SMK/MA/MAK.

Siswa di sakola teu salawasna mampuh ngahontal kaparigelan maca dongéng. Sok sanajan geus jéntré pisan yén pangajaran maca dongéng téh mangrupa salasahiji kamampuh kaparigelan basa anu kudu dipiboga ku siswa. Aya sababaraha hal anu ngabalukarkeunna, di antarana siswa ngan saukur maca alatan pancén atawa kawajiban anu dikudukeun ku guruna, jeung kurangna pamahaman jeung kasadaran siswa kana eusi dongéng. Bangbaluhna di antarana waé teu ngarti kana galur éta dongéng atawa horéam maca tur teu kairut pikeun maca dongéng.

Kiwari kamekaran téhnologi geus méré pangaruh anu kacida gedéna, boh pangaruh anu hadé boh pangaruh anu goréng. Siswa mindeng dideukeutkeun kana pangaruh-pengaruh anu goréng ku ayana kamekaran téhnologi. Dina internet maranéhanana leuwih kairut pikeun muka akun media sosial tibatan muka pangajaran, ieu hal tangtu ngurangan kahayang siswa pikeun maca pangajaran di sakola, boh di kelas boh di perpustakaan.

Maca nyaéta prosés anu dilakonon ku nu maca pikeun nyangking informasi anu ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan media kecap-kecap atawa basa tinulis (Tarigan, 1979, kc. 7). Ku kituna saupama siswa geus teu kairut deui pikeun maca tangtu éta siswa moal meunang informasi. Tétéla ieu jadi pasualan anu kompléks anu bisa nyababkeun siswa kana bangbaluh diajar.

Dina pangajaran maca, hususna pangajaran maca dongéng, loba pisan bangbaluh anu ditepikeun ku siswa, diantarana maca dongéng mah matak tunduh, horéam jeung sajabana. Pangajaran anu kitu deui-kitu deui atawa monoton bisa jadi cukang lantaran kurang ngirutna pangajaran dongéng anu ditepikeun ku guruna, nu ngalantarankeun respon siswa kurang nyugemakeun nalika diajak diajar maca dongéng.

Nilik kana kaayaan nu bieu dipedar, dibutuhkeun pisan guru anu kréatif tur inovatif anu mampuh jeung miboga métode-métode pangajaran anu merenah pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca dongéng. Merenah jeung henteuna métode anu digunakeun ku guru dina prosés diajar-ngajarna mangaruhan pisan kana kasuksésan pangajaran di kelas.

Métode jeung modél dina pangajaran dongéng téh loba pilihanana, di antarana *dramatic reading*. Metode *dramatic reading* mangrupa métode drama anu dipintonkeun bisa ku sorangan, ku duaan bisa ogé ku lobaan tapi bari maca naskah/lakon anu didramakeun. Saupama dina paélmuan seni téater, *reading* mindeng dipaké latihan-latihan dasar saméméh nincak kana *blocking*. *Reading* di dieu minangka hiji tarékah pikeun aktor-aktor sangkan bisa leuwih maham kana eusi naskah saméméh kana latihan-latihan satuluyna.

*Dramatic reading* minangka salasahiji métode anu bisa dilarapkeun dina pangajaran dongéng. Kalayan ngagunakeun téks dongéng salaku naskah, ieu métode dianggap leuwih ngirut sabab siswa bisa leuwih éksprésif dina ngedalkeun émosi kana eusi éta dongéng. Kajaba ti éta siswa bisa leuwih mikaresep dina milu pangajaran dongéng.

Ku ayana *dramatic reading* siswa bisa leuwih aktif dina pangajaran basa jeung sastra, ku ieu metode ogé siswa bisa ngéksprésikeun éta dongéng maké réngkak, pasemon, jeung leuwih komunikatif waktu maca éta dongéng.

Ieu métode can kungsi ditalungtik éféktif henteuna dina nepikeun materi pangajaran dongéng. Ku kituna panalungtikan “Metode *dramatic reading* dina Pangajaran Maca Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya)” payus pisan pikeun dilaksanakeun.

## 1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan medar kumaha efektifitas métode *dramatic reading* dina ngaronjatkeun pangajaran maca dongéng pikeun siswa MAN Awipari Kota Tasikmalaya (studi kuasi eksperimen ka siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya taun pangajaran 2013/2014). Masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan, nyaéta ngawengku:

- 1) Kamampuh siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya kana maca dongéng, kalayan kritéria kabasaan jeung kedaling. Kritéria kabasaan di antarana lentong, pelafalan, jeung volume sora. Tuluy kritéria kedaling nyaéta mimik, réngkak jeung penghayatan;
- 2) Béda signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *dramatic reading* ka siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya dina pangajaran maca dongéng.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya taun pangajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun métode *dramatic reading*?
- 2) Kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya taun pangajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun métode *dramatic reading*?
- 3) Kumaha béda signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *dramatic reading* siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya taun pangajaran 2013/2014 dina pangajaran maca dongéng?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Dumasar pasualan nu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan umum, nyaéta hayang nguji metode *dramatic reading* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya dina pangajaran maca dongéng.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus tina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) Kamampuh maca dongéng siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya saméméh ngagunakeun métode *dramatic reading*;
- 2) Kamampuh maca dongéng siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya sabada ngagunakeun métode *dramatic reading*;
- 3) Béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *dramatic reading* ka siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya dina pangajaran maca dongéng;

### **1.4.2 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.2.1 Mangpaat Téoritis**

Sacara teoritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- 1) Nambahan hasanah paélmuan, hususna dina métode-métode pangajaran maca dongéng,
- 2) Ngalapkeunna métode *dramatic reading* sacara éféktif tur inovatif sangkan siswa bisa nyumponan kompetensi dasar.

#### **14.2.1 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis mangpaat tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Pikeun lembaga, bisa jadi référénsi pikeun guru dina ngaronjatkeun pangajaran maca dongéng, sangkan siswa bisa ngudag tur nyumponan kompetensi dasar dina pangajaran basa Sunda, jeung miharep siswa dipiharep jadi insan anu kreatif tur aktif;

- 2) Pikeun siswa, dipiharep bisa nambahan kaweruh ngeunaan dongéng, jeung henteu bosen deui nalika diajar maca dongéng, sarta bisa numuwuhkeun kaaktifan siswa dina milu diajar di kelas;
- 3) Pikeun nu maca, dipiharep bisa nambahan kaweruh hususna ngeunaan mangpaat métode *dramatic reading* dina pangajaran dongéng di SMA/SMK/MA/MAK;
- 4) Pikeun nu nulis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kaweruh tur kajembaran mikir dina widang paélmuan.

### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi ditulis kalayan lima bab, di antarana:

- 1) Bab I  
Bab I mangrupa bab munggaran, anu eusina nyaéta medar kumaha kasang tukang masalah ayana ieu panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah anu dijieun, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.
- 2) Bab II  
Bab II mangrupa bab anu medar ngeunaan: (1) tiori-tiori anu patali jeung ieu panalungtikan, dina ieu bab ogé dipedar leuwih jero ngeunaan pangajaran maca, istilah dina pangajaran, *dramatic reading*, jsb; (2) raraga mikir; (3) anggapan dasar.
- 3) Bab III  
Bab III mangrupa bab anu medar kumaha métodologi anu dipaké dina ieu panalungtikan, medar léngkah-léngkah panalungtikan, tur téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data pikeun nganalisis data hasil panalungtikan.
- 4) Bab IV  
Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan.
- 5) Bab V  
Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran, tur ditétélakeun saran atawa rékoméndasi.